

COVID-19 Nan langaj Klè

Kisa COVID-19 ye oswa nouvo kowonaviris la?

Se yon nouvo viris ki fè moun toupatou nan mond lan malad, enkli isit la nan Eta New York.

Kijan ou ka atrape kowonaviris la?

Yon moun ki te gen kowonaviris la ba ou jèm yo lè yo touse oswa etènye. Jèm yo lè sa antre nan lè, sou ou, ak sou bagay sa yo. Jèm nan antre nan kò w atravè bouch ou, nen, ak zye.



Evite manyen figi w, zye, nen, ak bouch ou



Kijan ou ka kenbe tèt ou pou w pa resevwa kowonaviris la?

Ou ta dwe:

- Lave men w souvan avèk savon ak dlo pou omwen 20 segonn, espesyalman anvan ak apre ou fin manje, apre ou fin itilize twalèt, apre ou fin touse oswa etènye, ak apre ou fin manyen sifas yo.



- Pa manyen zye w, nen, oswa bouch ou avèk men ki pa lave.
- Pa rete bò kote moun ki malad.
- Kouvri bouch ou lè wap touse. Lè wap etènye itilize yon mouchwa e apres a jete l nan yon resipyan ki fèmen.
- Regilyèman netwaye sifas ak objè yo ki lakay ou.

Rete Andedan! Si ou dwe soti deyò:

- Ou dwe kouvri nen ak bouch ou avèk yon mouchwa oswa yon mask lè ou kite kay ou ak lè ou pral bò kote lòt moun.
- Evite kontak sere avèk moun. Kenbe yon distans nan omwen 6 pye.
- Evite jwèt ak aktivite ki gen kontak sere.
- Evite sifas ak objè ke yo manyen anpil. Sa gen ladan kontwa magazen oswa ekipman teren jwèt tankou glisad ak balanswa.
- Lave men w souvan avèk savon ak dlo pou omwen 20 segonn lè ou retounen andedan.

Kijan mwen pral fè konnen si mwen gen kowonaviris?

Kowonaviris la ka koze:

- Tous
- Fyè
- Difikilte pou respire



Sentòm yo ka parèt nan mwens pase 2 jou pou rive jiska 14 jou apre ou fin atrape l. Jis paske ou genyen sentòm sa yo pa vle di ou genyen kowonaviris la. Ou te ka genyen yon rim oswa grip la.


Si ou malad:

- Rele doktè w. PA ale nan yon lopital oswa yon sant swen ijans.
- Pa rete bò kote lòt moun. Si ou gen yon lòt chanm ou ka rete ak yon saldeben separe ou ka itilize, se sa ki pi bon.
- Lave men w souvan avèk savon ak dlo
- Evite pataje atik pèsònèl yo.

Si ou te gen kontak avèk yon moun ki malad nan dènye 14 jou yo:

- Ou ta dwe rete lakay ou.
- Ou ka pwofite pase tan nan lakou w oswa lòt espas pèsònèl deyò men ou pa ta dwe ale nan espas piblik deyò yo.

Kenbe yon distans nan omwen 6 pye - mete yon mask



Si ou abite avèk yon moun ki malad:

- Rete omwen 6 pye distans de yon moun ki malad.
- Pa manyen sifas oswa manje ke moun malad la te manyen.
- Kontinye lave men w byen.

Kijan mwen ka di zanmi mwen yo bonjou?

Tèks, apèl, apèl videyo, oswa voye yon mesaj.